

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ANVIWÒNMAN VIVAN

Jedi, 18 Jen 2009 — 1:15 jiska 4:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Ekri non ou ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo. Answit, ale nan dènye paj tiliv sa a, se fèy repons pou Pati A ak Pati B-1. Plwaye dènye paj la sou liy pwentiye a epi, tou dousman, avèk prekosyon, detache fèy repons lan. Apre sa, bay enfòmasyon yo mande yo nan antèt fèy repons ou a.**

Ou dwe reponn tout kesyon ki nan tout pati egzamen sa a. Ekri repons ou yo pou kesyon chwa miltip pou Pati A ak Pati B-1 sou fèy repons ou te detache a. Ekri repons ou yo pou kesyon ki nan Pati B-2, Pati C ak Pati D yo dirèkteman nan tiliv egzamen sa a. Ou dwe ekri tout repons ou yo avèk plim, sof graf yo ou kapab fè avèk kreyon. Ou kapab itilize papye milimetre a pou chèche repons kesyon yo, men tou pa blye ekri repons ou yo nan fèy repons lan ak nan tiliv egzamen an.

Lè ou fin fè egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons apa a, pou ou endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo p ap aksepte fèy repons ou si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Atansyon...

Ou dwe genyen yon kalkilatris kat operasyon oswa yon kalkilatris syantifik pou ou itilize pandan w ap fè egzamen sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy komunikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fe egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon tit tan, egzamen ou an p ap valab epi ou p ap resevwa nòt pou li.


**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati A

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. [30]

*Enstriksyon (1–30): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe a nimewo mo oswa ekspresyon ou jwenn ki pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.*

- 1 Ki deklarasyon ki pi byen dekri youn nan etap ki reprezante nan dyagram anba a?




- (1) Forè ki gen matirite a ap genyen plis chans pou vin estab pandan lontan.
- (2) Si tout raje ak zèb yo detwi, kantite kanivò yo ap ogmante.
- (3) Lè popilasyon ti pyebwa yo ogmante, kominote forè ki gen matirite a ap kont-wole yo.
- (4) Jenn kominote forè a ap anvayi epi pran kontwòl kominote forè ki gen matirite.

- 2 Ki sistèm òganik nan imen ki patisipe dirèkteman nan transpò oksijèn?

- |              |               |
|--------------|---------------|
| (1) dijestif | (3) ekskretè  |
| (2) nè       | (4) sikilatwa |

- 3 Ki estrikti selil ki genyen enfòmasyon ki nesesè pou sentèz pwoteyin?



- 4 Fwa imen genyen anpil selil espesyalize ki sekrete bil. Se sèl selil sa yo ki pwodui bil paske

- (1) diferan selil yo itilize pati diferan enfòmasyon jenetik yo genyen ladan yo
- (2) selil yo kapab elimine kòd jenetik yo pa bezwen yo
- (3) tout lòt selil ki nan kò a manke jèn ki nesesè pou pwodiksyon bil
- (4) selil sa yo te chanje pandan devlopman anbriyonik

- 5 Menmsi marasa idantik yo eritye egzakteman menm jèn yo, marasa yo kapab sanble epi aji yon fason diferan youn avèk lòt paske

- (1) yon mitasyon te fèt nan gamèt ki te pwodui marasa yo
- (2) faktè anviwònman an kapab chanje ekspresyon jèn yo
- (3) ekspresyon jèn yo kapab diferan nan gason ak fanm
- (4) yon mitasyon te fèt nan zigòt ki pwodui marasa yo


- 6 Ki òmòn ki pa kontwole dirèkteman sik repwodiksyon imen yo?

- |                 |                 |
|-----------------|-----------------|
| (1) testostewòn | (3) ensilin     |
| (2) estwojèn    | (4) pwojestewòn |

- 7 Detanzantan, chwèt yo degaje yon mas ki pa dijere epi ki rele ti boul dechè. Yon elèv te jwenn plizyè ti boul dechè chwèt menm kote a epi li te egzamine rès bêt ki nan ti boul dechè yo. Apresa li te note diferan kantite rès bêt ki nan ti boul dechè yo. Elèv la dwe t ap etidyé

- (1) evolisyon chwèt la
- (2) estrikti sosyal popilasyon chwèt lokal yo
- (3) wòl chwèt la nan ekosistèm lokal la
- (4) sik lavi chwèt la

- 8 Ki sekans ki pi byen reprezante relasyon ant ADN ak karakteristik yon òganis?



- 9 Yo reprezante yon sekans evènman ki asosye avèk stabilite ekosistèm anba a

repwodiksyon seksyèl → varyasyon jenetik → divèsite byologik → stabilite ekosistèm

Flèch ki nan sekans sa a vle di

- |             |               |
|-------------|---------------|
| (1) lakòz   | (3) anpeche   |
| (2) diminye | (4) senplifye |

- 10 Lè kèk moun manke yon anzim patikilye, sa lakòz yo trape yon maladi. Syantis yo ap eseye itilize bakteri yo pou pwodui anzim sa a pou trete moun ki genyen maladi a. Ki ranje nan tablo anba a ki pi byen dekri sekans etap syantis yo ta genyen plis chans pou swiv?

Ranje	Etap A	Etap B	Etap C	Etap D
(1)	idantifye jèn lan	antre jèn lan nan yon bakteri	retire jèn lan	ekstrè anzim lan
(2)	antre jèn lan nan yon bakteri	idantifye jèn lan	retire jèn lan	ekstrè anzim lan
(3)	idantifye jèn lan	retire jèn lan	antre jèn lan nan yon bakteri	ekstrè anzim lan
(4)	retire jèn lan	ekstrè anzim lan	idantifye jèn lan	antre jèn lan nan yon bakteri

- 11 Kisa ki pi kapab rive akòz chanjman nan frekans yon jèn ki nan yon popilasyon patikilye?
- siksesyon ekolojik
  - evolisyon byolojik
  - rechofman atmosfè
  - epuizman resous
- 12 Tout ti chen yo montre nan pòtre ki anba a sòti nan menm pòte.



- Sa ki pi kapab lakòz diferans yo obsève nan gwoup ti chen sa a se
- twòp pwodiksyon ak elvaj selektif
  - mitasyon ak eliminasyon jèn yo
  - evolisyon ak repwodiksyon aseksyèl
  - klasman ak rekombinezon jèn yo
- 13 Gaz karbonik fè mwens pase 1 poustan atmosfè Latè, epi oksijèn fè apeprè 20 poustan. Pousantaj sa yo te konsève pi dirèkteman akòz
- respirasyon ak fotosentèz
  - kouch ozòn lan
  - sentèz ak dijesyon
  - enèji ki resikle nan ekosistèm


- 14 Ki sekans ki reprezante lòd kèk evènman nan devlopman imen?
- zigòt → espèm → tisi → ze
  - fetis → tisi → zigòt → ze
  - zigòt → tisi → ògàn → fetis
  - espèm → zigòt → ògàn → tisi
- 15 Yon varyete plant pwodui ti fwi blan. Yo te retire yon tij nan òganis sa a epi yo plante li nan yon jaden. Si tij sa a grandi li vin tounen yon nouvo plant, li ta pi kapab pwodui
- gwo fwi wouj, sèlman
  - gwo fwi woz, sèlman
  - ti fwi blan sèlman
  - ti fwi wouj ak ti fwi blan ki sou menm plant lan
- 16 Yon pitt kapab eritye yon mitasyon ki sòti nan
- kasaj owaza kwomozòm ki nan nwayo selil fwa a
  - yon ranplasman debaz nan gamèt yo pandan moyòz la
  - toksin ki nan lafimen an te pwodui selil abdominal poumon yo
  - domaj radyasyon ultravyolè nan selil po a
- 17 Dyagram ki anba a reprezante yon pwosesis ki fèt nan òganis yo.



Ki ranje nan tablo a ki endike sa A ak B nan ti bwat yo kapab reprezante?

Ranje	A	B
(1)	lanmidon	pwoteyin
(2)	lanmidon	asid amine
(3)	pwoteyin	asid amine
(4)	pwoteyin	sik senp

- 18 Dyagram anba a reprezante kèk ògàn kò imen an.




Ki deklarasyon ki pi byen dekri fonksyon ògàn sa yo?

- (1) *B* ponpe san nan *A* pou echanj gaz.
  - (2) *A* ak *B* pwodui gaz karbonik, ki ofri eleman nitritif pou lòt pati nan kò a.
  - (3) *A* ap degaje antikò pou goumen kont yon enfeksyon ki nan *B*.
  - (4) Deplasman dechè nan *A* ak *B* alafwa gen pou wè ak itilizasyon enèji ki sòti nan ATP.
- 19 Bakteri *Salmonèl* ka lakòz moun genyen vant fèmal, vomisman, dyare ak lafyèv. Efè bakteri sa yo genyen sou moun endike bakteri *Salmonèl* se
- (1) predatè
  - (2) òganis patojenik
  - (3) chanpiyon parazitè
  - (4) dekonpozè
- 20 Viris ki lakòz maladi SIDA a domaje kò a paske li
- (1) vize selil k ap goumen kont mikwòb k ap anvayi kò a
  - (2) atake sèten global wouj byen espesifik
  - (3) lakòz yon ogmantasyon nan nivo ensilin yon fason ki pa nòmal
  - (4) anpeche transmisyon nòmal enpilsyon nè yo

- 21 Nan fèy yon plant, selil pwotektè yo ede
- (1) detwi polyan atmosfè a lè yo antre nan plant lan
  - (2) kontwole nivo oksijèn ak nivo gaz karbonik
  - (3) pote sipli glikoz la nan rasin yo
  - (4) bloke reyon iltravyolè nuizib ki kapab boulvèse pwodiksyon klowofil la

- 22 Yon antibiotik fèt pou l kapab touye 95% yon popilasyon bakteri ki repwodui dapre pwosesis ki endike anba a.



Ki deklarasyon ki pi byen dekri jenerasyon bakteri k ap vin aprè yo?

- (1) Y ap pwodui nan metòd repwodiksyon aseksyèl epi y ap pi rezistan ak antibiotik la.
- (2) Y ap pwodui nan metòd repwodiksyon seksyèl epi y ap pi rezistan ak antibiotik la.
- (3) Y ap pwodui nan metòd repwodiksyon aseksyèl epi y ap siseptib menm jan ak antibiotik.
- (4) Y ap pwodui nan metòd repwodiksyon seksyèl epi y ap siseptib menm jan ak antibiotik la.

- 23 Kisa ki enfliyanse kantite plant ki genyen sou latè?

- (1) estrikti molekilè oksijèn ki disponib
- (2) gwosè selil dekonpozè yo
- (3) kantite lyen chimik ki nan molekil yon glikoz
- (4) kalite mineral ki prezan nan tè la

- 24 Genyen konpetisyon ant de (2) espès lè
- mwazisi grandi sou yon pyebwa ki tonbe nan forè a
  - tamya ak ekirèy ap manje gress tounesòl nan yon jaden
  - yon kòbo manje rès yon lapen ki mouri sou wout la
  - yon Lyon pouswiv yon antilòp, li touye l epi li manje l
- 25 Yo endike pòtre yon chenn alimantè anba a.
- 
- Flèch ki reprezante konsa yo ~~~ endike
- enèji ki degaje nan anviwònman sou fòm chalè
  - oksijèn ki pwodui nan respirasyon
  - absòpsyon enèji ki te sentetize
  - transpò glikoz lwen òganis lan
- 26 Si yo retire plizyè espès kanivò nan yon ekosistèm, efè ki pi posib sou ekosistèm lan ap
- yon ogmantasyon nan kalite ototwòf yo
  - yon diminisyon nan kantite faktè abyotik yo
  - yon diminisyon nan estabilite a pami popilasyon yo
  - yon ogmantasyon nan ritm siksesyon an
- 27 Gen moun ki fè pil konpòs ki fòme avèk raje ak lòt sibstans vejetal. Lè konpòs la dekonpoze, yo kapab itilize li kòm angrè. Pwodiksyon ak itilizasyon konpòs se yon egzamp
- entwodiksyon predatè natirèl
  - utilizasyon fosil kombistib
  - debwazman yon zòn
  - resiklaj eleman nitritif
- 28 Ki deklarasyon ki pi byen dekri yon kwomozòm?
- Se yon jèn ki genyen plizyè milye fòm diferan.
  - Li genyen enfòmasyon jenetik ki nan ADN.
  - Se yon selil repwodiktif ki enflianse plis pase yon karakteristik.
  - Li genyen plizyè santèn molekul ADN ki idantik.
- 29 Graf ki anba a montre fason nivo gaz kabonik ki nan atmosfè a chanje pandan 150,000 dènye ane yo.
- 

Ki faktè nan anviwònman an ki te pi afekte dènyèman nan chanjman sa yo ki nan nivo gaz kabonik?

- entansite limyè
- kalite dekonpozè yo
- gwosè konsomatè yo
- tanperati atmosfè a


- 30 Yon rezon ki fè moun ta dwe konnen konsekans aksyon yo sou anviwònman an sèke
- ekosistèm yo pa janm kapab retounen nòmal apre yo te fin afekte negativman
  - lè yon resous limite fini, nou paka ranplase l
  - genyen mwens bezwen pou nouvo teknoloji
  - genyen mwens bezwen pou sibstans ki pwodui nan pwosesis natirèl yo

## Pati B-1

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. [11]

*Enstriksyon (31–41): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe w la nimewo mo oswa ekspresyon ou jwenn ki pi byen konplete deklarasyon oswa ki pi byen reponn kesyon an.*


- 31 Dyagram ki anba a reprezante pwoesisis yo te itilize an 1996 pou repwodui premye mamifè a avèk metòd klonaj, yon mouton ki rele Dolly.



Ki deklarasyon ki kòrèk konsènan Dolly?

- (1) Gamèt mouton A ak mouton B te fè yon sèl pou pwodui Dolly.
- (2) Konpozisyon kwomozòm Dolly idantik ak konpozisyon kwomozòm mouton A.
- (3) Dolly ak mouton C genyen ADN ki idantik.
- (4) Dolly genyen jèn ki sòti nan mouton B ak mouton C.


32 Dyagram ki anba a reprezante yon selil.



Ki deklarasyon ki kòrèk konsènan ATP ak aktivite ki nan selil la?

- (1) Absòpsyon ATP fèt nan estrikti A.
- (2) Sentèz ATP fèt nan estrikti B.
- (3) Estrikti C pwodui ATP avèk plis efikasite.
- (4) Yo jwenn modèl pou ATP nan estrikti D.


33 Dyagram ki anba a prezante kèk fonksyon glann pituitè. Glann pituitè a sekrete sibstans ki lakòz lòt glann yo sekrete diferan sibstans.



Ki deklarasyon ki pi byen dekri evènman yo montre nan dyagram lan?

- (1) Sekresyon pwokire enèji ki nesesè pou metabolis.
- (2) Matyè premyè pou sentèz sekresyon sòti nan azòt.
- (3) Sekresyon tout glann yo akselere sikilasyon san nan kò a.
- (4) Sekresyon ede kò a reyaji ak chanjman nan eta nòmal.

34 Yo prezante yon ekosistèm letan nan dyagram ki anba a.




(Desen sa a pa desine sou echèl)

Ki deklarasyon ki pi byen dekri yon entèaksyon ki ede konsève ekilib dinamik ekosistèm sa a?


- (1) Krapo yo fè enèji ki disponib nan ekosistèm sa a atravè pwoesis fotosentèz.
- (2) Alg yo se sous dirèk manje pou wotifè ak pwason-chat.
- (3) Ewon estriye (ki genyen tras) pwokire enèji pou lav moustik yo.
- (4) Popilasyon pwason-chat ede kontwole popilasyon notonèk ak popilasyon kladosè yo.

- 35 Dyagram ki anba a reprezante yon pòsyon nan yon manbràn selilè.



Ki estrikti ki kapab fonksyone pou rekonèt siyal chimik?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |
- 36 Yo reprezante kèk trajekta evolisyonè nan dyagram ki anba a.



Yon konklizyon ki kapab fèt nan enfòmasyon ki nan dyagram lan sèke


- (1) anpil zansèt òganis B te disparèt
- (2) òganis B te pètèt pi gwo pase nenpòt lòt òganis ki reprezante
- (3) pifo zansèt òganis B te adapte avèk siksè nan anviwònman yo epitou yo siviv jiska prezan
- (4) lèt ki anwo òganis B a reprezante mamm yon sèl gwo popilasyon ki genyen plis divèsite byolojik

- 37 Ki espès nan tablo anba a ki kapab genyen ritm evolisyon ki pi rapid la?

Espès	Ritm Repwidoksyon	Anviwònman
A	lan	estab
B	lan	chanjman
C	rapid	estab
D	rapid	chanjman

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

Sèvi ak dyagram ki anba a ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 38 ak 39. Dyagram lan reprezante yon piramid enèji ki nan yon ekosistèm preri.




- 38 Ki espès ki ta genyen plis enèji ki disponib nan ekosistèm sa a?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) E |


- 39 Ki de (2) òganis ki se kanivò?

- |            |            |
|------------|------------|
| (1) A ak B | (3) B ak D |
| (2) A ak E | (4) C ak E |

- 40 Espèce de renard qui vit dans un habitat varié. Renard vivant à vivre dans des zones diverses. Deux espèces de renards sont montrées ci-dessous.



Rena Ajante




Rena Wouj

Quelle déclaration est faite par ces deux renards?

- (1) Différence d'adaptation pour développer des caractéristiques adaptées au milieu.
- (2) Les renards ont adapté au milieu différent, mais il n'y a pas d'apparition.
- (3) Les renards ont évolué dans une zone différente pour empêcher la concurrence.
- (4) Les renards ont évolué dans une zone différente pour se battre pour la compétition.

- 41 Un écosystème représenté ci-dessous.



Lejann
~~~~ = Sifas Lanmè
~~~~ = Alg ak alg maren
~~~~ = Pwason
~~~~ = Labou ak sediman

Quel est le facteur qui représente les organismes représentés par ~~~~~ dans cette zone?

- (1) pH
- (2) sédiment
- (3) entassement limyé
- (4) température de la mer



## Pati B-2

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. [14]

*Enstriksyon (42–51):* Pou kesyon ki genyen kat (4) repons ochwa yo, fè yon wonn nan *nimewo* ki vin anvan chwa ou jwenn ki pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an. Pou tout kesyon ki nan pati sa a, swiv enstriksyon yo bay nan kesyon an epi note repons ou nan espas yo bay pou sa.

- 42 Graf ki anba yo montre kontni oksijèn ki fonn, kontni dechè dlo ize yo, ak popilasyon pwason ki nan yon lak ant 1950 ak 1970.


**For Teacher  
Use Only**



Endike sa ki te pase nan kantite oksijèn ki fonn lan ak kantite espès pwason lè kantite dlo ize yo te ogmante. [1]


42

Selil levi egzekite pwosesis respirasyon selilè jan sa endike nan ekwasyon anba a.



Glikoz      Alkòl      Gaz  
etilik      kabonik

Yo te fè yon ankèt pou detèmine efè tanperati ritm respirasyon selilè nan levi. Yo prepare senk (5) gwoup eksperimental, yo chak genyen senk (5) tib fèmantasyon. Tout tib fèmantasyon yo te genyen menm kantite dlo, glikoz ak levi. Yo te mete chak gwoup senk (5) tib nan yon benywa dlo ki gen diferan tanperati. Apre 30 minit, yo te mezire kantite gaz (*D*) an mililit ki nan chak tib fèmantasyon. Yo te kalkile mwayèn pou chak gwoup. Tablo anba a prezante preparasyon yon echantyon ak done yo rasanble yo.



### Kantite Mwayèn Gaz ki Pwodui (*D*) Apre 30 Minit nan Divès Tanperati


Gwoup	Tanperati (°C)	<i>D</i> (mL)
1	5	0
2	20	5
3	40	12
4	60	6
5	80	3

*Enstriksyon* (43 and 44): Avèk enfòmasyon ki nan tablo done a, trase yon graf lineyè sou kadriyaj ki anba a, dapre enstriksyon ki anba yo.


**For Teacher  
Use Only**

43 Pou chak aks ki genyen, make yon echèl apwopriye. [1]

44 Trase graf done ki nan tablo done yo. Ansèkle chak pwen avèk ti wonn, epi konekte pwen yo. [1]



**Kantite Mwayèn Gaz Ki  
pwodui nan Divès Tanperati**



45 Nan ki tanperati ritm maksimòm respirasyon selilè te fèt nan levi?

- (1) 5°C
- (2) 20°C
- (3) 40°C
- (4) 60°C

43   
44

46 Parapò ak lòt tib aprè 30 minit, tib yo ki nan gwoup 3 a te genyen

- (1) pi piti kantite CO<sub>2</sub>
- (2) pi piti kantite glikoz
- (3) pi piti kantite alkòl etilik
- (4) menm kantite glikoz, alkòl etilik, ak CO<sub>2</sub>

45   
46

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 47 jiska 49.


**For Teacher  
Use Only**

Yon ekolojis te fè kèk obsèvasyon nan ekosistèm yon forè pandan plizyè jou. Tablo ki anba a prezante kèk done li rasanble.

### Obsèvasyon nan Anviwònman yon Forè

Dat	Relasyon Alimantasyon yo Obsève	Obsèvasyon Ekosistèm
6/2	<ul style="list-style-type: none"> <li>sèf ke blan k ap manje fèy pye erab</li> <li>sèpantye k ap manje ensèk yo</li> <li>salamann k ap manje ensèk</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>2 cm lapli an 24 èdtan</li> </ul>
6/5	<ul style="list-style-type: none"> <li>chanpiyon ki grandi sou yon pye erab</li> <li>ensèk k ap manje pye bwadchèn yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>plizyè kalite wòch sedimentè nan forè a</li> </ul>
6/8	<ul style="list-style-type: none"> <li>sèpantye k ap manje ensèk yo</li> <li>malfini ke wouj k ap manje tamya</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>lè a genyen 20.9% oksijèn</li> </ul>
6/11	<ul style="list-style-type: none"> <li>tamya k ap manje ensèk</li> <li>ensèk k ap manje fèy pye erab</li> <li>tamya k ap manje yon ti salamann</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>sòl la genyen fosfò</li> </ul>

- 47 Sou dyagram ki anba a, konplete rezo alimantè a. Pou fè sa, mete non *tout* òganis ki nan pozisyon kòrek yo. [1]



- 48 Idantifye *yon* pwodiktè ekolojis la mete nan tablo done yo. [1]
- 


48

- 49 Ki deklarasyon ki dekri kòman yon faktè byotik forè a itilize youn nan faktè abyotik ki endike nan tablo done yo?

- (1) Pyebwa yo absòbe dlo kòm yon matyè premyè pou fotosentèz.
  - (2) Ensèk yo manje epi yo dijere fèy pyebwa yo.
  - (3) Ewozyon wòch sedimentè ajoute fosfò nan sòl la.
  - (4) Chanpiyon degaje oksijèn ki sòti nan pyebwa yo pou retounen nan lè a.
- 

49

- 50 Ranpli tout espas vid ki nan pati 2 ak 3 lejann dikotomik ki anba a, pou li genyen enfòmasyon ki kapab sèvi pou idantifye kat (4) bèt yo prezante anba a. [2]



### **Lejann Dikotomik**

1. a. Yo gen pat..... Ale nan 2
- b. Yo pa gen pat..... Ale nan 3

### **Karakteristik**


### **Organis**

2. a. ....
- b. ....
3. a. ....
- b. ....

50

51 Dyagram ki anba a reprezante sistèm repwodiktif fi.

For Teacher  
Use Only



Konplete ti bwat 1 jiska 4 nan tablo ki anba a avèk enfòmasyon ki nan dyagram lan. [4]

Non Estrikti	Lèt ki sou Dyagram	Fonksyon Estrikti
1 _____	2 _____	pwodui gamèt
matris	D	3 _____
4 _____	B	pote oksijèn dirèkteman nan anbriyon

51

## Pati C

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. [17]

*Enstriksyon* (52–59): Mete repons ou yo nan espas ki rezève pou sa nan tiliv egzamen sa a.

- 52 Gen anpil relasyon ant imen yo avèk anviwònman an. Fè yon ti deskripsiyon sou fason aktivite imen kapab afekte anviwònman òganis ki viv 50 an pita. Nan repons ou, pa blyie:

- idantifye *yon* aktivite imen ki kapab degaje sibstans chimik ki nuizib pou anviwònman an [1]
- idantifye sibstans chimik aktivite a degaje a [1]
- endike *yon* efè degajman sibstans chimik sa a ta pi kapab fè sou ekosistèm yo alavni [1]
- endike *yon* fason imen yo kapab diminye pwodiksyon sibstans chimik sa a pou diminye efè li sou ekosistèm yo alavni [1]

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

52



**For Teacher  
Use Only**

- 53 Plant yo reyaji nan anviwònman yo nan plizyè fason diferan. Konsevwa yon eksperyans pou teste efè *yon* faktè anviwònman, ou chwazi nan lis ki anba a, sou kwasans plant.

**For Teacher  
Use Only**

Asidite nan presipitasyon  
Tanperati  
Kantite Dlo

Nan repons ou, pa blyie:

- idantifye faktè anviwònman ou chwazi a
- endike *yon* ipotèz eksperyans lan ka teste [1]
- endike fason yo ta trete gwoup kontwòl la diferan ak jan yo trete gwoup eksperyans lan [1]
- endike *de* (2) faktè ki dwe rete menm nan gwoup eksperyans lan ak gwoup kontwòl la [1]
- idantifye varyab endependan ki nan eksperyans lan [1]
- mete yon antèt pou chak kolòn ki sou tablo done anba a pou done ou koleksyone nan eksperyans ou a [1]

Faktè anviwònman: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Tablo Done**


53

### **Santral elektrik mande pou retire moulen van yo sou plaj**

The Associated Press

Plizyè douzèn moulen van ki pi wo pase Estati Libète a ap parèt toupre Long Island - premye sous enèji van nan lanmè andeyò Lewòp, dapre sa responsab yo di.

Otorite Enèji Long Island [LIPA] mande pou chwazi yon konpayi pou bati ak opere ant 35 ak 40 moulen van nan Oseyan Atlantik tou pre Jones Beach, dapre sa New York Times te rapòte dimanch [2 Me 2004]. Yo pa konnen ni konbyen I ap koute ni ki lè I ap fini.

Enèji moulen van yo jenere ta reprezante apeprè 2 poustan itilizasyon enèji total LIPA. Yo mande pou pwodui ant 100 a 140 megawat, yon kantite ki ase pou bay 30,000 kay enèji elektrik....

Men, kèk moun k ap viv nan Long Island kont moulen van yo, paske yo pè pou yo pa fè bwi, pou yo pa nuizib pou lapèch, epi pou yo pa anpeche yo wè lanmè a.

Sous: "Democrat and Chronicle", Rochester, NY 5/3/04

- 54 Endike *de* (2) fason itilizasyon moulen van yo pwodui enèji ta bon pou anviwònman an. [2]

(1) \_\_\_\_\_

54

(2) \_\_\_\_\_

- 55 Enpòtasyon yon espès etranje, kit se avèk entansyon kit se pa aksidan, kapab chanje ekilib yon ekosistèm. Endike *yon* egzanp espesifik kote yon espès empòte ki chanje ekilib yon ekosistèm epitou eksplike fason li deranje ekilib la nan ekosistèm lan. [2]

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

55

### Grip Avyè

Viris H5N1 grip avyè te bay yon gwo enkyetid dènyèman. Pifò imen pa t ko ekspoze ak souch virus sa a, kidonk yo pa pwodui sisbtans pwoteksyon ki nesesè. Yo devlope yon vaksen epi yo fè li an gwo kantite. Men, plis tan nesesè pou fè ase vaksen pou pwoteje pifò popilasyon moun k ap viv sou latè.

Pifò souch virus grip afekte pati siperyè aparèy respiratwa a, sa ki lakòz nen k ap koule ak gòj ki vin irite. Men, virus H5N1 sanble l antre pi fon nan poumon yo epitou li lakòz yon nemoni grav, ki kapab touye moun ki enfekte avèk virus la.

Jiska prezan, yo pa konsidere virus sa a gaye dirèkteman ant yon moun ak yon lòt. Depi H5N1 pa chanje an yon lòt souch ki kapab transfere ant yon moun ak yon lòt moun, kapab pa genyen yon epidemi mondyal virus la.

- 56 Endike *yon* diferans ki genyen ant efè fòm regilye virus grip la ak efè H5N1 genyen sou kò imen. [1]

---

---

56

- 57 Idantifye kalite sisbtans kò imen pwodui ki pwoteje li kont antijèn, tankou virus grip la [1]

---

57

- 58 Endike kisa ki nan yon vaksen ki fè vaksen an efikas. [1]

---

58

- 59 Idantifye *yon* evènman ki kapab lakòz virus la chanje an yon fòm ki kapab gaye ant imen ak imen. [1]

---

59

## Pati D

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a. [13]

*Enstriksyon (60–72):* Pou kesyon ki genyen kat (4) repons ochwa yo, fè yon wonn nan *nimewo* chwa ou jwenn ki pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an. Pou tout kesyon ki nan pati sa a, swiv enstriksyon yo bay nan kesyon an epi note repons ou nan espas yo bay pou sa a.


- 60 Tablo done a montre kantite diferans nan asid amine ki nan molekil emoglobin plizyè espès parapò avèk asid amine ki nan emoglobin imen.

**For Teacher  
Use Only**

**Diferans nan Asid Amine**

Espès	Diferans nan Kantite Asid Amine
imen	0
krapo	67
kochon	10
goril	1
cheval	26

Dapre tablo done yo, ekri non òganis nan tablo a ki nan pozisyon kòrèk sou pyebwa evolisyonè ki anba a. [1]



60

- 61 Eksplike pou kisa konparezon modèl venn plizyè fèy se yon siyifikasyon ki mwen sèten pase elektwoforèz an jèl pou detèmine relasyon evolisyonè ant de (2) plant. [1]

---


---

61

Sèvi ak enfòmasyon ak dyagram ki anba a ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 62.

**For Teacher  
Use Only**

Yo te ajoute yon anzm ak yon lanmidon solib nan yon epwouvèt dlo epi yo kite li nan tanperati chanm pandan 24 èdtan. Answit, yo te ajoute 10 gout reyaktif glikoz nan epwouvèt la, epi yo te chofe epwouvèt la nan yon benywa dlo cho pandan 2 minit.




62 Yo te fès tès la pou kapab

- (1) mezire kantite matyè gra ki konvèti an lanmidon
  - (2) detèmine si dijesyon te fèt
  - (3) evapore dlo ki nan epwouvèt la
  - (4) lakòz anzm lan asosye avèk dlo a
- 

62



63 Yo montre yon preparasyon an kwomatografi anba a.



Identife yon erè nan preparasyon an. [1]

---

---

63



Sèvi ak enfòmasyon ak tablo done ki anba a ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 64 jiska 66.

**For Teacher  
Use Only**

Pandan yon aktivite nan laboratwa, yon gwoup elèv te reyalize done ki endike anba a.

**Batman Poul Anvan ak Apre Egzèsis**

<b>Elèv ki Konpoze</b>	<b>Batman Poul nan Repo</b> (batman/minit)	<b>Batman Poul Apre Egzèsis</b> (batman/minit)
A	70	97
B	74	106
C	83	120
D	60	91
E	78	122
<b>Mwayèn Gwoup</b>		107

64 Ki pwosedi ki bay plis jistifikasyon pou konklizyon yo fè nan rezulta eksperyans sa a?

- (1) ogmante kantite fwa aktivite a repete
- (2) chanje tanperati nan chanm lan
- (3) diminye kantite elèv ki patisipe nan aktivite a
- (4) elimine peryòd repo a anvan yo fè batman poul la an repo

64

65 Kalkile mwayèn gwoup pou batman poul ki an repo [1]

\_\_\_\_\_ **batman/minit**

65

66 Yon chanjman nan batman poul asosye ak lòt chanjman nan kò a. Ekri non *yon* ògàn ki afekte lè yon moun kouri yon kilomèt epi dekri *yon* chanjman ki fèt nan ògàn sa a. [1]

Ògàn: \_\_\_\_\_

---

---


---

66





Sèvi ak enfòmasyon ak dyagram ki anba a ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 67 jiska 69.

**For Teacher  
Use Only**

Anba a, yo prezante yon lam selil zonyon wouj mouye jan yo obsève li avèk yon mikwoskòp optik konpoze.




- 67 Ki dyagram ki pi byen montre teknik ki ta pi kapab sèvi pou ajoute sèl nan selil sa yo?



67

- 68 Nan espas ki anba a, montre kisa selil A ta sanble apre yo fin ajoute sèl la. [1]



68

69 Ki sibstans ki ta pi kapab itilize pou retounen selil yo nan kondisyon yo te anvan?

- (1) endikatè lanmidon
- (2) tib dyaliz
- (3) reyaktif glikoz
- (4) dlo distile

**For Teacher  
Use Only**

69

70 Yo itilize elektwoforèz ADN pou etidye relasyon evolisyonè espès yo. Dyagram ki anba a montre rezulta elektwophorèz ADN pou kat (4) diferan espès bêt.

Espès A	Espès X	Espès Y	Espès Z
—	—	—	—
—	—	—	—
—	—	—	—
—	—	—	—
—	—	—	—


Ki espès ki genyen pifò ADN an komen avèk espès A?

- (1) X ak Y, sèlman
- (2) Y, sèlman
- (3) Z, sèlman
- (4) X, Y ak Z

70

Sèvi ak dyagram ki anba a ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 71 ak 72. Dyagram lan montre varyasyon ki nan bèk penson zile Galapagos.

**For Teacher  
Use Only**



Sous: *Galapagos: A Natural History Guide*

71 Sa ki sitou lakòz divèsite espès yo obsève sou zile Galapagos se

- (1) manipilasyon syanstis yo fè nan jèn yo
- (2) chanjman jèn ki sòti nan divizyon mitotik nan selil
- (3) seleksyon natirèl
- (4) seleksyon atifisyèl

71

72 Endike *yon* rezon ki fè gwo penson terès yo ak gwo penson pyebwa yo kapab viv ansanm sou menm zile a. [1]

---



---



---

72

The University of the State of New York  
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ANVIWÒNMAN VIVAN

Jedi, 18 Jen 2009 - 1:15 jiska 4:15 p.m., sèlman

## FÈY REPOSNS

Elèv ..... Sèks:  Fi  
 Pwofesè .....  
 Lekòl ..... Klas .....

Part	Maximum Score	Student's Score
A	30	
B-1	11	
B-2	14	
C	17	
D	13	
<b>Total Raw Score</b> (maximum Raw Score: 85)		<input type="text"/>
<b>Final Score</b> (from conversion chart)		<input type="text"/>
<b>Ratersí Initials</b>		
<b>Rater 1</b> ..... <b>Rater 2</b> .....		

Mete repos ou pou Pati A ak Pati B-1 sou fèy repos sa a.

Pati A		
1 .....	11 .....	21 .....
2 .....	12 .....	22 .....
3 .....	13 .....	23 .....
4 .....	14 .....	24 .....
5 .....	15 .....	25 .....
6 .....	16 .....	26 .....
7 .....	17 .....	27 .....
8 .....	18 .....	28 .....
9 .....	19 .....	29 .....
10 .....	20 .....	30 .....

Pati A Score

Pati B-1	
31 .....	37 .....
32 .....	38 .....
33 .....	39 .....
34 .....	40 .....
35 .....	41 .....
36 .....	<b>Pati B-1 Score</b> <input type="text"/>

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè ou fin fè egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen reposns yo ak kesyon yo ilegalman davans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

LIVING ENVIRONMENT HAITIAN CREOLE EDITION

Detache La a

Detache La a

LIVING ENVIRONMENT HAITIAN CREOLE EDITION